# नेनाक बाइबिल
*प्रस्तुति*



# परमेश्वर अब्राहमक प्रेमक परीक्षा लैत छथि।

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson


*रूपान्तरित*: M. Maillot and Tammy S.

*अनुवाद*: Ashish Paul


*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.








एक बेर राति में परमेश्वर अब्राहमक विचित्र आज्ञा दैत छथि। ई एकटा परीक्षा छल जे अब्राहम अपन पुत इसहाक सँ बेसी प्रेम करैत छथि कि परमेश्वर सँ।



“अपन पुत इसहाक कऽ लिअ अऽ हुनका होम बली बना कऽ चढ़ा दियौक।" परमेश्वर ई आज्ञा देलिन। इसहाक कऽ चढ़ा दियौक ? अपन पुतक बलिदान कऽ दियौक ? अब्राहमक लेल ई काज कठिन छल। किएक तऽ ओ अपन पुत सँ बहुत प्रेम करैत छलाह।
3



मुदा अब्राहम परमेश्वर पऽ विश्वास कएनाई सीखने रहैथि जहन कि ओ ओहि बातक बूझितौं नहि रहैथि। भिनसर में ओ अपन पुत इसहाक अऽ दुटा सेवक कऽ लऽ कऽ बलिदान चढ़ाबय बला पहाड़क दिस चलि देलखिंन्ह।
4



चलय सँ पहिने - होमबली चढ़यबाक लेल अब्राहम लकड़ी कऽ टूकड़ा टूकड़ा कऽ कऽ अपने संगे लऽ लेलखिंन्ह। परमेश्वरक आज्ञा मानवाक खातिर अब्राहम योजना बनौलखिंन्ह।
5



तीन दिनक बाद ओ पहाड़क नजदिक में रहैथि “एहि ठाम रूकू" अब्राहम अपन सेवक सभक कहलिन हमरा सभ अराधना करबाक लेल जाएब अऽ तुरन्त घूरि कऽ अहाँ सभक लग में चलि आएब।
अब्राहम आगि अऽ छूरा लऽ कऽ गेलखिंन्ह अऽ इसहाक लकड़ी लऽ कऽ।
6



इसहाक पूछलखिंन्ह "जे होमबलीक लेल मेमना कतो अछि ?" अब्राहम उत्तर देलिन जे परमेश्वर स्वयं बलिक लेल मेमनाक उपाय करताह।
7



ई दुनों ठीक ओहि जगह पऽ पहुँच गेलखिंन्ह जाहि जगहक चुनाव परमेश्वर कएने छलाह। ओहि ठाम अब्राहम एकटा बेदीक बनौलखिन्ह अऽ लकड़ी कऽ समेट कऽ राखि देलखिंन्ह ताकि परमेश्वरक सन्मुख में बलिदानक जराबल जाएक। अब्राहम तऽ बहुते बेदीक बनौने रहैथि मुदा एहिं बेदीक बनौनाई सब सँ मुश्किल रहिन।
8



अब्राहम अपन लाडला पुतक बाहिंन कऽ बेदी पऽ लेटा देलखिंन्ह। कि वास्तव में अब्राहम अपन लाडला पुत कऽ बलिदान कऽ रहल छलखिंन्ह ?
9


हाँ! अब्राहम चमचमाएत छूराक निकाल कऽ ठाड़ कऽ देलखिंन्ह, हुनक हृदय बहुत धड़कैत रहिन, मुदा अब्राहम एहि बातक जानैत रहैथि, जे हुनका परमेश्वरक आज्ञा पालन करबाक छनि।
10


प्रभुक दूत चिकरलखिन्ह “रूकि जाऊ“ अब हम जानि गेलहुँ जे अहाँ परमेश्वर सँ डेराएत छी - अहाँ अपन एकलौता पुतक हमरा सँ बचएबाक कोशिश नहि कएलहुँ।
11


तखेन ओ झाड़ी में भेड़ा कऽ फंसल देखलिन, तुरंत अब्राहम इसहाक कऽ बंनहन्न खोलि देलखिंन्ह अऽ हुनका स्थान पऽ भेड़ाक बलि दऽ देलखिंन्ह। इसहाक तऽ सोचऽअ लागलखिंन्ह ई तऽ परमेश्वरक इन्तजाम अछि जेना कि हुनक पिताजी बाएजने रहैथि।
12


जहन पिता आओर पुत अराधना कएलिन, प्रभुक दूत अब्राहम सँ कहलिन,“अहाँक धिया पुता में समस्त राष्ट्र आशिषित होयत कि एक तऽ अहाँ आज्ञा पालन कएलहुँ।“ एक दिन यीशुक जनम अब्राहमेक कूल सँ होयत।
13


अब्राहम आओर इसहाक घूरि कऽ घर पऽ अएलाह। किछु कालक बाद निराशा हुनका जिनगी में आएल कि एक तऽ - सारा मरि गेलीह। अब्राहम अपन घोरवाली अऽ इसहाक अपन मंए कऽ गमा देलिन।
14

अंतिम संस्कार भेलाक बाद अब्राहम अपन मुख्य सेवक कऽ इसहाक कऽ लेल कनिया खोजबाक हेतु पठौलिन। सेवक अब्राहमक पुरान खनदानक देश में हुनका लेल कनिया खोजबाक लेल गेलाह।




15

सेवक परमेश्वर सँ चिंन्हा देखएबाक लेल कहलिन। जे कन्या हमर ऊँठ सभक पानि पिएबाक लेल अओतीह वैह इसहाक लेल सही जोड़ा ठहरतीह। तहन अचानके रेबिका आएब कऽ ऊँठ सभक पानि पिएबाक विषय में पूछारी करअ लागलीह। ओ अब्राहमक एक रिश्तेदार छलीह। सेवक बूझि गेलाह जे ई हुनक प्रार्थनाक उत्तर अछि।



16

इसहाक सँ विवाह करबाक हेतु रेबिका अपन परिवारक छोड़ि देलिह। ये अनुवाद एक्सट्रा है।



17

परमेश्वर अब्राहमक प्रेमक परीक्षा लैत छथि।

***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

***उत्पत्ति 22–24***

***ऋ्का क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता 119:130***

18

# इति

5 60

19

इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहिं जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहिं वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ािर गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।

अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16

20